

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan nulis mangrupa hiji prosés pikeun siswa diajar, lantaran nulis miboga mangpaat nu gedé dina ngamekarkeun daya *keaktivitas* siswa. Saéstuna siswa téh kudu ngawasaan kana kaparigelan nulis, kaparigelan nulis ieu téh kudu dikawasa ku siswa dina jenjang SMA, utamana di pangajaran berbahasa, salah sahijina dina pangajaran basa Sunda.

Dumasar kana Kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMA/Sederajat, anapon pangajaran aksara Sunda téh ayana di kelas X kalawan salah sahiji Kompetensi Dasarna nyaéta: 4.7 *Mengkreasikan aksara Sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya*. Nilik kana éta Kompetensi Dasar, siswa dipiharep bisa nulis aksara Sunda kalayan merhatiken kaédah-kaédah nu bener. Nurutkeun Mulyanto (2018) aksara Sunda téh kabagi jadi opat nyaéta aksara swara, aksara ngalagena, rarangkén jeung angka. Kitu deui kaédah-kaédah nu kudu diperhatikeun ku siswa téh di antarana waé cara nulis akasara swara, aksara ngalagena, angka, jeung rarangkén.

Tina hasil wawancara ka salah sahiji guru basa Sunda nu aya di SMAN 18 Bandung, nétélakeun yén anu jadi bangbaluh dina pangajaran nulis aksara Sunda téh nyaéta lobana aksara nu kudu diapalkeun ku murid nu ngabalukarkeun siswa can bisa ngabédakeun antara aksara ngalagena, swara, rarangkén jeung angka, kitu deui dina segi motivasi siswa dina diajar aksara Sunda masih kénéh kurang, bangbaluh séjénna nyaéta pangajaran nulis aksara Sunda di sakola mangrupa hiji kagiatan nu dianggap hésé ku siswa. Salian ti éta Farid, Spk. (2019) nétélakeun yén aya sawatara bangbaluh nu kaalaman ku guru, salah sahijina waé lantaran dina aksara Sunda aya sawatara aksara nu sarua, nu ngabalukarkeun kurangna paham siswa dina ngabédakeun aksara-aksarana. Dumasar kana pasualan di luhur ku kituna, dina prosés diajar aksara Sunda ieu mikabutuh hiji modél pangajaran nu cocog jeung karakteristik siswa pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa.

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Larapna modél pangajaran bakal mantuan dina ngahontal udagan pangajaran. Kitu deui kaparigelan guru dina milih modél pangajaran bakal magaruhan kana kabersihan jeung hasil diajar siswa. Ku kituna, larapna modél pangajaran ieu minangka tarékah pikeun nyiptakeun pangajaran nu aktif, ngahudang sumanget, tur bisa mangaruhan kana kaparigelan siswa. Salah sahiji modél pangajaran anu ngirut jeung ngalibetkeun sakabéh siswa dina pangajaran nyaéta salah sahijina modél pangajaran kooperatif.

Pangajaran kooperatif miboga sawatara modél pangajaran nu miboga udagan pikeun mantuan siswa dina maham hiji pangajaran. Salah sahijina nyaéta Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan. Modél Kooperatif Kartu Arisan mangrupa modél pangajaran kelompok kooperatif nu ngagunakeun sajumlahing kartu nu di jerona aya patalékan jeung jawaban nu disaluyukeun jeung matéri pangajaran pikeun dijawab babarengan dina kelompok kooperatif. Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan ieu mangrupa modél pangajaran nu ngirut tur nyieun suasana kelas jadi aktif. Siswa ogé bakal nuturkeun pangajaran sacara soso-soso lantaran kairut ku pangajaran nu ditepikeun ku Guru, salian ti éta siswa jadi leuwih ngahargaan kana kamandang ti batur (Hardianti, 2021).

Dina Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan cocog pisan dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda. Kucara ngagunakeun modél ieu dipiharep bisa ngahudang siswa pikeun diajar sacara kelompok, interaksi jeung lingkungan sabudeureunana, tuluy nyiptakeun suasana diajar nu aktif nepi ka hasil diajar siswa dina pangajaran basa Sunda bisa ngaronjat.

Léngkah-léngkah dina Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan nurutkeun Uno & Mohamad (2011) nyaéta: (1) wangun kelompok, unggal kelompok 4 urang; (2) bagikeun kertas jawaban ka siswa, masing-masing salemba, kartu soal digulung tuluy diasupkeun kana jero gelas; (3) saupama gelas nu eusina soal dikocok, tuluy salah sahiji nu murag dibacakeun sangkan dijawab ku siswa; (4) saupama jawaban bener, mangka siswa diwenangkeun émprak babarengan; (5) unggal jawabannu bener, siswa dibéré poin minangka peunteun kelompok, jst.

Salian ti léngkah-léngkah nu dipedar di luhur, aya ogé kaonjoyan dina modél pangajaran tipe kartu arisan nu diébréhkeun ku Uno (dina Malalina, 2018) nyaéta:

(1) méré kasempetan pikeun siswa dina diajar sacara aktif jeung ngalarapkeun pangajaran dina kahirupan sapopoé, (2) modél ieu ngarojong siswa pikeun interaksi multiarah maksudna antara siswa jeung guru, (3) nyiptakeun suasana pangajaran nu *bervariasi*, (4) modél ieu museur ka siswa, (5) hasil diajar siswa leuwih bisa dironjatkeun.

Panalungtikan nu ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan téh geus pernah ditalungtik ku Mufarihah & Akrom (2020), kalawan judul *Pengaruh Pembelajaran Kooperatif Tipe Kartu Arisan Terhadap Hasil Belajar Siswa Pada Mata Pelajaran IPS*. Nu ngabuktikeun yén ayana béda nu signifikan dina hasil diajar IPS antara kelompok siswa nu nuturkeun Model Kooperatif Tipe Kartu Arisan jeung kelompok siswa nu nu nuturkeun pangajaran ngagunakeun metode konvensional. Nu cindekna mah yén Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan ieu mangaruhan kana hasil diajar siswa dina pangajaran IPS.

Panalungtik séjénna, nalungtik ogé ngeunaan Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan ku Andi Maria Ulfa (2020) nu judulna *Pengaruh Penerapan Model Pembelajaran Kooperatif Tipe Lottery Card Terhadap Hasil Belajar Biologi Materi Struktur dan Fungsi Penyusun Jaringan Pada Tumbuhan Siswa Kelas XI MIPA SMA Negeri10 Makassar*. Nu meunangkeun hasil yén larapna Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan/*lottery card* dina pangajaran biologi di siswa kelas XI MIPA 6 SMA Negeri 10 Makassar miboga pangaruh anu hadé ditilik tina hasil diajar biologi nu rata-rata skor *posttestna* leuwih alus tibatan skor rata-rata *pretestna*.

Agus Ropendi (2018) nétélakeun yén kaparigelan siswa ngaronjat dina pangajaran IPS di kelas IV SDN Batulangka Kecil Kecamatan Kuok Kabupaten Kampar, saenggeus ngagunakeun modél pangajaran kartu arisan, nu hartina dina panalungtikanana larapna modél pangajaran kartu arisan téh berhasil ngaronjatkeun hasil diajar siswa lantaran ketuntasan siswa aya dina 92%, sedengkeun panalungtikan nu dilakukeun ku (Tontoli, 2016) larapna Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan dina pangajaran Ekonomi téh miboga kahéngkérangan di antarana waé: kurangna siswa anu aktif dina matotoskeun pasualan, salian ti éta masih kénéh aya siswa anu can biasa dina ngalarapkeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan.

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nu jadi sasaruana dina panalungtikan karya Mufarihah & Akrom (2020) & Andi Maria Ulfa (2020) jeung ieu panalungtikan nyaéta sarua ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan, sedengkeun nu jadi bédana nyaéta larapna ieu modél, panalungtikan saméméhna ngalarapkeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan kana pangajaran biologi jeung pangajaran IPS sedengkeun ieu panalungtikan ngalarapkeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan dina pangajaran nulis aksara Sunda.

Sanajan panalungtikan nu ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan lain panalungtikan anu munggaran, tapi panalungtik kairut pikeun nalungtik Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan, ngan nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta matéri nu bakal ditalungtik dina pangajaran aksara Sunda, lantaran can kungsi aya panalungtikan anu nalungtik ngeunaan Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan dina pangajaran nulis aksara Sunda.

Dumasar hal-hal nu diébrékeun di luhur, ieu panalungtikan kalawan jejer panalungtikan “Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas X-3 SMAN 18 Bandung Taun Ajar 2022/2023)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, hal nu bakal ditalungtik nyaéta ngawengku kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan, anapon masalah nu aya dina ieu panalungtikan téh diwincik jadi sababaraha poin di handap ieu:

- a) Dina pangajaran nulis aksara Sunda aya aspék nu kudu dikawasa ku siswa di antarana waé dina nulis aksara swara, aksara ngalagena, aksara rarangkén jeung aksara wilangan, pon kitu deui dina cara ngalarapkeunana. Sedengkeun di lapangan karandapan munculna pasualan ngeunaan kanyataan yén siswa can bisa ngabédakeun antara aksara swara, aksara ngalagena, aksara rarangkén jeung aksara wilangan lantaran lobana hurup nu hampir sarua, nu ngabalukarkeun karep diajar siswa dina pangajaran aksara Sunda téh jadi kurang.

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b) Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan nu can pernah dilarapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda ka siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sangkan pasualan nu kaidéntifikasi di luhur bisa gampang dipaluruh, dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan?
- b) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan?
- c) Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji éféktivitas Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan dina kamampuh nulis aksara Sunda saupama dilarapkeun ka siswa Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung Taun Ajar 2022/2023.

1.3.2 Tujuan Husus

Anapon tujuan husus nu jadi udagan dina ieu panalungtikan téh, nyaéta pikeun ngadéskripsikeun :

- a) kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023 Sunda saméméh ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan;
- b) kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan;
- c) bédana nu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan.

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun pikeun référénsi dina mekarkeun élmu pangaweruh, minangka bahan acuan pikeun panalungtikan salajengna hususna dina Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan dipedar saperti di handap.

- a) Mangpaat pikeun siswa
Bisa ngirut minat dijar siswa, ogé nambahan kaaktipan siswa dina diajar nulis aksara Sunda.
- b) Mangpaat pikeun Guru
Bisa dijadikeun minangka stratégi pembelajaran sangkan karep diajar siswa ngaronjat.
- c) Mangpaat pikeun nu nalungtik
Bisa ngamangpaatkeun modél pangajaran anu aya pikeun ngamekarkeun élmu pangaweruh.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga nulis dijieun sangkan panalungtikan disusun sacara sistematis dina wangun skripsi. Anapon bagian-bagian éta téh kabagi jadi lima bab, nyaéta:

- a) BAB I Bubuka : nu eusina téh ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah katut rumusan masalah, tujuan, mangfaat panalungtikan, jeung sistematika skripsi
- b) BAB II : Ulikan téori, nyaéta bab nu ngarundaykeun ngeunaan kajian pustaka boh tina buku-buku, nyaéta medar tiori modél pangajaran, tiori modél pangajaran kooperatif tipe kartu arisan, tiori nulis, aksara Sunda, jeung téori ngeunaan Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan dina pangajaran nulis aksara Sunda. Salian ti éta ogé ngaguar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir jeung hipotésis.
- c) BAB III : Metodologi Panalungtikan, nyaéta bab nu ngawengku ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik nganalisis data.

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- d) BAB IV : Hasil Panalungtikan jeung pedaran, nyaéta bab nu eusina ngadadarkeun hasil panalungtikan jeung pedaran tina data nu geus dibeunangkeun
- e) BAB V : Kacindekan, Implikasi jeung Saran, nu eusina mangrupa kacindekan, implikasi jeung saran sarta hasil tina panalungtikan.